

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran, di handap ieu dipedar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilakukeun ngeunaan kamampuh nulis ringkesan warta ka siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh (*pretést*) jeung sabada (*postést*) ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

Kamampuh awal nulis ringkesan warta siswa VIII D SMP Negeri 5 Bandung dianggap can mampuh. Rata-rata peunteun nulis ringkesan warta nyaéta 72,13. Ditilik tina kritéria peunteun nulis ringkesan warta, anu ngawengku genep aspék nyaéta: aspék eusi ringkesan warta, aspék organisasi eusi, aspék kosa kecap, aspék adegan basa, aspék éjahan, jeung aspék karapihan tulisan. Dina aspék eusi ringkesan warta, rata-rata peunteunna nyaéta 19,68 nu kaasup kana kritéria “sedeng”. Aspék organisasi eusi rata-rata peunteunna nyaéta 18 nu kaasup kana kritéria “sedeng”. Dina aspék kosa kecap rata-rata peunteunna nyaéta 16,1 nu kaasup kana kritéria “hadé”. Aspék adegan basa rata-rata peunteunna nyaéta 12,5 kaasup kana kritéria “hadé”. Dina aspék éjahan, rata-rata peunteunna nyaéta 2,95 nu kritéria peunteunna “sedeng”. Aspék karapihan tulisan rata-rata peunteunna 2,73. Dumasar hasil data tés awal, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis ringkesan warta siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* can mampuh nulis ringkesan warta lantaran rata-rata peunteunna can mampuh ngahontal skor maksimal. Tina 30 siswa, 16 urang anu can mampuh ngahontal KKM nu geus ditangtukeun. Hartina 53,3% siswa can mampuh nulis ringkesan warta.

Kamampuh ahir nulis ringkesan warta siswa rata-rata peunteunna nyaéta 25,05 nu kaasup kana kritéria “hadé”. Aspék organisasi eusi rata-rata peunteunna nyaéta 21,01 nu kaasup kana kritéria “hadé”. Dina aspék kosa kecap rata-rata peunteunna nyaéta 17,4 nu kaasup kana kritéria “hadé”. Aspék adegan basa rata-rata peunteunna nyaéta 12,7 kaasup kana kritéria “hadé pisan”. Dina aspék éjahan,

rata-rata peunteunna nyaéta 3,36 nu kritéria peunteunna “hadé”. Aspék karapihan tulisan rata-rata peunteunna 3,6 nu kaasup kana kritéria hadé. Tina data tés ahir, bisa dicindekkeun yén kamampuh nulis ringkesan warta siswa kelas VIII D SMP Negeri 3 Lembang sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*, siswa geus mampuh nulis ringkesan warta lantaran rata-rata peunteunna geus mampuh ngahontal KKM.

Cindekna, kamampuh nulis ringkesan warta siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* hasilna ngaronjat 10,9%. Tina data tés awal, rata-rata peunteunna nyaéta 7,13 sedengkeun tina data tés ahir rata-rata peunteunna ngaronjat jadi 83,1.

Éta hal nuduhkeun yén aya béda anu signifikan antara kamampuh awal nulis ringkesan warta jeung kamampuh ahir nulis ringkesan warta siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*. Dina taraf kapercayaan 99%, hipotesis kerja ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak,  $t_{itung} > t_{tabel}$  nyaéta  $7,56 > 2,46$ . Ieu hal ngabuktikeun yén modél pangajaran *Group Investigation* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis ringkesan warta siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung.

## 5.2 Implikasi

Tina kacindekan nu geus dipédar di luhur ngeunaan hasil ieu panalungtikan, modél pangajaran *Group Investigation* méré dampak positif atawa implikasi pikeun siswa tur guruna dina kamampuh nulis ringkesan warta.

Di handap ieu ditétélakeun implikasi nu langsung karasa, nyaéta:

1. Patalali jeung siswa.
  - a. siswa paham kana masalah pangajaran, katitén tina hasil tulisan siswa nu ngaronjat dina segi kualitas.
  - b. kualitas siswa dirojong ku pangawéruh tina sagala aspék. Hususna aspék-aspék nu dipeunteun, ngawengku eusi, organisasi eusi, kosa kecap, adegan basa, éjahan jeung karapihan tulisan. Jadi leuwih paham kana kaédah nu saluyu jeung aturanna dina unggal aspék.
  - c. paham kana kaédah, siswa jadi leuwih taliti dina ngerjakaun tugas nu dibéré ku guruna, hususna dina kamampuh nulis.

- d. rasa percaya diri siswa ngaronjat, nu antukna bisa jadi hiji dadasar sangkan dina prosés kagiatan diajar leuwih aktif tur mampuh ngahontal peunteun maksimal.
2. Patali jeung guru.
    - a. guru paham kana masalah anu dirandapan ku siswa,
    - b. tina masalah nu aya, guru bisa mekarkeun alternatif pangajaran sangkan siswa nu kasebut can mampuh, bisa babarengan ngahontal tujuan pangajaran nu geus ditangtukeun.
    - c. pangalaman nu geus kacipta jeung hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun hiji bahan piekun babandingan dina ngungkulan masalah nu bakal karandapan dina masalah pangajaran.

### 5.3 Rekomendasi

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, nu ngaguar ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation* dina pangajaran nulis ringkesan warta ka siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung, hasilna nétélakeun yén modél pangajaran *Group Investigation* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis ringkesan warta. Ku kituna, dipiharep ieu modél pangajaran téh bisa jadi salah sahiji alternatif dina pangajaran nulis, hususna dina nulis ringkesan warta.

Saran dina ieu panalungtikan, nyaéta sangkan guru bisa ngagunakeun modél pangajaran anu saluyu jeung matéri nu rék ditepikeun dina prosés diajar-ngajar. Pikeun siswa, ku ayana modél pangajaran anu digunakeun ku guru, dipiharep siswa bisa ngaronjatkeun motivasi diajarna, hususna dina pangajaran basa Sunda. Umumna, dipiharép aya panalungtikan-panalungtikan séjén ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation* anu ambahanana leuwih jembar deui. Contona, Implementasi modél pangajaran *Group Investigation* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis Pangalaman Pribadi.